

KINGDOM DEVELOPMENT COMMUNITY



AGATABO K'ABARONGOZI

KWUBAKA URUSENGA RW'IMANA

UGUSHIMA

Ntanguye gushimira Umwami wacu Yesu Kristo kuko ariwe soko ry'ubwenge, n'ihishurirwa, n'ugutahura.

Ndashimiye kandi mu buryo bw'umwihariko Pasteur MUTSINZI Alain Patrick, ku mpwemu y'ubwenge no kubumbatira umugambi w'Imana bimubonekako. ndaremeshwa n'ukwitanga kwanyu kugira tube mu mugambi w'Imana.

Ndashimiye NSAVYIMANA Pascal, MISIGARO Damien, SIBOMANA Claver, MAPENDANO Audifax, HABONIMANA Claude, NSABIYUMVA Clément, BARAMPANGEJE Alexis, HABONIMANA Evelyne n'abarongozi bose ba Kingdom Life Community bitanze kugira kano gatabu gashirwe mu mashine no ku mpapuro.

Ndashimiye n'uwuzohezagirwa wese n'umugambi w'Imana w'igihe c'iherezo.

IJAMBO RY'IKAZE

Haraheze ibihe vyinshi abavugishwa n'Imana, bavugishwa kw'ihinduka ry'ikanguro rigiye kuba mw'ishengero ry'Imana mu buryo bw'umuvyuro. Kingdom Life Community n'imwe mu mashirahamwe yumvise ijwi ry'Imana ku bw'intumwa Zayo kandi ihagurukanwe n'ugushitsa ubuhanuzi mu mwuzuzo w'ubugombe bw'Imana.

“Kand’imanza ziroranye ni zo nzogira umugozi ugera, n’ubugororotsi nzobugira karisho: urubura ruzovumbura ubwo buhungiro bw’ibinyoma, kand’amazi azosendanisha aho hantu ho kwinyegeza.” (Yesaya 28:17)

Mugiheburayo **“umugozi”** ni **“qav”** bisigura ingero yo kugeresha. Ijambo ry'Imana ni ingero yo kugeresha ubugororotsi, ivyanditswe n'ihishurirwa. Kingdom Life Community ntihagurukanwe no kwemeza ivyo abantu bahurijeko, ariko ihagurukanwe no kwemeza no gushitsa ubugombe bw'Imana nzima. Nimba ukuri kwovugwa kudashingirwa intahe n'ijambo ry'Imana, si vy'Imana, ntaco bitwaye ivyo imigenzo y'abantu ivuga canke ihurijeko.

“Nukw’iyo misi y’ubutamenya, Imana yarayirengagije, ariko noneho igera kw’abantu bose bari hose bihana, kuko yashinze umusi wo gucirakw’isi yose amateka y’ukuri, izoyacisha umuntu yatoranije, kandi yahaye bose ikimenyamenya c’ivyo, mu kumuzura imukuye mu bapfuye” (Ivyakozwe 17: 30 - 31).

Imana yarirengagije imisi y’ukutamenya aho tutari tuzi iciza na kimwe kandi tukagira mu kutamenya kw’ijambo ryayo. Imana iriko iraserura ukuri k’umugambi wayo kugira uhindure yongere ukuze ishengero. Ubu dusabwa kwihana (guhindura ivyiyumviro) tukemera ubutumwa bwiza bw’ubwami bw’Imana. Igihe co kutamenya kibwirizwa gushika kwisherezo.

“Uyo azokwigisha nde ubwenge? Kand’azotahuza nde ubutumwa? Mbega n’abacutse n’abavuye kw’ibere? Kukw’ivyawe ar’ibwirizwa ku rindi, ibwirizwa kurindi, n’unurongo ku wundi, umurongo ku wundi, hamwe tumwe, ahandi utundi” (Esaya 28: 9 -10)

Mu maboko y’Imana hari ukuri kwarindirijwe imyaka kugira guseranguke. Ishengero ririko ririnjira mu gihe cavugishijwe naho benshi batabitahura. Ndakugira inama yo kubumbatira ukuri hanyuma utagure ihinduka muri uyu mwaka w’ubwami bw’Imana.

Ukutamenya kandi no kubura umugende w’ihishurirwa w’ijambo n’umugambi w’Imana vyatumye amasinzi ava mu vyizerwa, batangura gushinga ubumenyi n’ivyiyumviro bihuye n’imigenzo y’amadini. Igihe casezeranwe ni igihe co kugarukana ishenguro ku mugambi w’imfura.

Nimwakirane akanyamuneza ijambo ryose ritewe hagati muri mwebwe muri iki gihe ishashara n’ibimenyetso vyari bipfutse ukuri biriko biramenagurika (**Daniyeli 12:9**).

Pastori NDAYISENGA Wenceslas
E-mail: info@klc.bujumbura.bi
www.klc.bujumbura.bi
Tel +257 79 938 921

URUSENGA

Turi mu gihe c'ihinduka, Ishengero ririko riraja ku rugezo rw'ubwami bw'Imana nk'inyishu y'ubucuti bw'ijuru buriko burashirwaho mu kworohereza intambuko z'Imana muri kino gihe. Ubwo bucuti buzodufasha mu kudushira ku murongo w'umugambi w'Imana mu kwagura ubwami bw'Imana ngaha mw'isi.

Urusenga – n'iki? Ijambo **“urusenga”** rifise ugutahurwa mu ngezo zitandukanye. Mu congereza ijambo rikoreshwa cane ni **“Net”**, uko imyaka igenda ikurikirana ni ko insiguro y'ijambo **urusenga** ritera rikura kandi rikarushirizaho gutahurika. Uno musu iryo jambo ni **“Network = connection”**, risigura urufatangane, ukunwana canke urunani. Igicapo c'ijambo urusenga ryerekanwa n'ijambo **“Web”**, risigura inzu yagatangurirwa mu vyerekana urufatangane, ukunwana canke urunani rw'isi yose mu ntego imwe yo guhanahana amakuru. Irindi jambo rikoreshwa ni **“Internet”** risigura umuhora w'ubumwe budasanzwe w'itumana makuru mu bantu b'isi yose.

Urusenga rero n'inkoro y'abantu ishishirwaho mu guteza imbere no kubumbatira ubucuti n'abandi bantu bavuga ururimi rumwe. Mu bwami bw'Imana, urusenga ni impwemu kandi ni amasezerano yo kwamamaza ubucuti bw'iyerekwa n'umugambi ukomeye. Urusenga ni ukuja hamwe kw'abantu biciye mu bucuti n'abandi mu gushitsa umugambi rusangi. Iyo turiko dukoresha urusenga uno musu tuba dufise igicapo c'abantu benshi bari mu muhora umwe w'impwemu utanga ukunwana mu gaciro, mu ngeso no mu makuru amwe y'ahantu ho hejuru bivyara umugambi umwe.

Naho insiguro y'Ijambo urusenga iboneka neza muri Bibiliya ni rishasha uno musu mw'ishengero kandi rikoreshwa gake.

“Kand'ubwami bwo mw'ijuru busa n'urusenga runiniya rwaterewe mu kiyaga, rukoranya ifi z'amoko yose.” (Matayo 13:47)

Ishengero n'urugingo rw'ubuzima rw'umwuzuzo w'umugambi w'Imana na pura yo gushwabura amahanga. Nk'uko urusenga ari utugozu dufataniye mu mafundo uko ni ko ishengero ribwirijwe kuba mu gushitsa umugambi uhambaye w'ijuru. Inkomezi z'urusenga n'ifundikanwa ry'utugozu twinshi. Ivyo bisobanura agaciro k'ubumwe n'inkomezi zacu mu murimo. Tubwirizwa ku menya ko urugendo rwo gufundikanya rusaba intambuko.

Urusenga rw'impwemu ruragutse gusumba amashirahamwe, gusumba ubugenzi, gusumba kwicarana, gusumba amasezerano, gusumba gusangira, gusumba gukorana. Urusenga rw'impwemu ni ukumatana kw'ijuru bitangwa n'Imana mu gushitsa umugambi nk'umubiri umwe. Urusenga rw'inkoro y'intumwa rushobora gutanga ikibanza co guhitamwo aho abarongozi bashobora kwemera iyerekwa ry'intumwa n'impanuro zishingiye ku masezerano.

Ubucuti s'ikintu uhitamwo ariko n'ibwirizwa mu kwagura ubwami bw'Imana. Nk'umubiri umwe, iherezo ryacu ni kunwana. Idini rizibira ugukura kw'amasezerano y'ubucuti kandi ukubura ubucuti bizibira kwaguka k'ubwami bw'Imana. Icemezo c'ingabire z'impwemu dufise mu gikorwa co kwemeza amahanga vyemezwa n'inkomezi z'ubucuti bwacu (Yohana 17:23). Gushira umutahe mu masezerano y'ubwami bw'Imana vyagura ubwami bw'Imana. Ibango ry'intumwa, eka n'ayandi ma bango uko ari atanu abwirizwa kuzana ubucuti butarwaye kandi bugakorera mu mubiri wa Kristo.

Ugutahura ubucuti bw'amasezerano ni nkenerwa mu muco wo kumatana nk'urusenga uno musi. Ukwikunda bizana kuzazanirwa, ntakunwana kuhari kandi ukubura ubucuti bitanga gusambuka kw'imiryango, gusambuka kw'amashengero no gusambuka k'ubucuti. Iryo bura ry'ubucuti ryatumye amahanga atizera ishengero kandi ryakuyeho urutonde mu muryango. Ubucuti bw'amasezerano burengeye inyungu z'umuntu ku giti ciwe, Ubucuti bw'amasezerano n'ukwemeranya ijamba ry'icubahiro tugomba kubamwo kurwego rwo hejuru.

Ubucuti bw'amasezerano butanga amavuta y'umubiri umwe. Iri hinduka rishingiye ku ntumwa rizodukura mu gukora bisanzwe ridutware mu gicapo c'urusenga co gukorana mu bucuti. Ivyo tubona uno musi n'ukubaka ubwami bw'umuntu n'amazina y'abantu gusumba kubaka ubwami bw'Imana. Ubwiza bw'ubwami bwahindutse nk'intatemwa z'abantu ivyo ntibishobora guhinduka ubwami bw'Imana.

Benshi mu ntango y'ibikorwa vyabo bari bashinzwe neza mu mpanuro z'intumwa nkuko vyanditse mw'isezerano rishasha ariko barahushije basubira inyuma. Birakenewe ko basubira ku mushinge. Nk'abantu bari musi y'ubuntu bw'intumwa ubucuti bukwiye kuba butarimwo icaha no kwikunda mu gicapo c'urusenga no gukorera hamwe. Mu bucuti bwacu dukwiye gushira ku ruhande ajenda zacu hanyuma tukarerura ajenda y'Imana. Ubucuti bwubakiye k'umugambi w'ubwami bukwiye kuba ku mugaragaro, mu kuri, gushirahamwe no kutagira umugayo.

Ubucuti bukwiye kuba mu mwidegemvyo atagahahirizo k'impwemu kavyarwa n'idini. Agahahirizo k'impwemu kavyara ubukoroni butubuza kumenya, n'ubushobozi bugwanya gukura ku mubiri wa Kristo. Ishengero ryubakiye ku vyo abantu bashima ntirishobora gushitsa umugambi w'Imana, kuko ibikoresho n'inkomezi rikoresha biva mu bantu ntibiva ku Mana.

Isukwa ry'umugambi riza nk'umwonga wuzuzwa, n'umusozi n'akarambi biringanizwa, ibigoramye bigororoka, isenwa z'inzi z'ubukuru (**Yesaya 40: 4-5; Luka 3: 5-6**). Mu gihe dukura kandi dukora dufatanye nk'ihando hariho isukwa ry'umutobe wa vino n'umugisha w'Imana ku rugero ruhambaye, rurengeye akazinga k'ivyiyumviro vy'umuntu vyo kwikorana. Tubwirijwe gutahura ko hariho impano y'ubuntu bw'Imana izanana mu bucuti.

“Uku ni k'Uhoraho agize, ati Nk'ukw'ihando ry'umuzabibu riboneka ko ririmw'umutobe, bakavuga, bati Ntujurandure, kuk'igifise ikimazi, uko ni ko nanje nzogira, kubw'abasavyi banje, noye kubarandura bose.” (Yesaya 65:8)

Muri ino myaka harasuka ihinduka ry'intumwa nk'igikoresho co kwagura ubwami bw'Imana, benshi babandanya kubumbatira ivyiyumviro n'amajenda y'abantu avuga ivy'ubwami bwa Sawuli. Urusenga rw'intumwa n'igikorwa co kunwana no kwerekana umugambi wihuriro, impano, guhanahana ivyiyumviro, kuganira, kuhanahana amakuru. Umugambi w'imfura n'intego w'ivyo ni gushira hejuru ubwami bw'Imana. Sikoraniro ry'ubukoroni bw'impwemu n'iki nyedini. Umugambi wo guhinduka urusenga ntiwubakiye kuvyo twiteze kuronka ariko kuryo twoshobora gutanga nk'umutahe wo kwagura ubwami bw'Imana.

Urusenga rw'intumwa si soko twinjiramwo tugatangura gutora ivyo dushaka ariko n'ikibanza c'ubucuti aho amasezerano akura kubw'ubwami bw'Imana no kwaguka kwabwo. Urusenga rw'intumwa n'igikoresho kidushikana mu gukura no kwitegurira gukora mu murimo. Ubwo

Kwubaka urusenga rw'Imana

buntu buva mu muntu yabuhawe yashizweho na Kristo biciye muri Mpwemu Yera.

Ikora ry’ukuri ry’urusenga rivana n’inkomezi zacu mu kwitanga. Mu gihe tutarumwe haba hari amacakubiri. Mu gihe atabucuti bw’amasezerano buhari, haba hari urwanko n’imice. Mu gihe atamugambi utomeye w’ijuru ugezweho uhari haba hari imigambi y’abantu ivyara ikinyedini. Gukorera mu bucuti n’ukwitanga kw’umwumwe. Ubucuti ntibushobora gukora kiretse duhagurutse kububumbatira kandi ubucuti bubwirijwe gukorera mu mpande zose.

Ukwitanga kwacu, ubucuti ntibushobora kubakira ku vyo dushaka kuronka no kunguka, ariko bwubakiye ku masezerano no kw’ijambo Imana ishira muri twebwe. Ni ngira kamaro kumenya ko gukorana bidashoboka kiretse hubatswe ubucuti bw’ukuri butagira agatosi.

Gukorana nk’urusenga vyubakiye kubumbatira umugambi rusangi. Ubucuti ni urugingo rw’ubugingo rudufasha kuzana ivyamwa vyo gukorana mu kwagura umugambi w’Imana.

Ingendo y’urusenga

Imana ikorera mu gendo kandi ibikorwa vyayo muri twebwe birimuka. Hariho igendo n’inyifato dukwiriye guhitamwo kugira twubake ubucuti n’urusenga rwo gukorera hamwe n’abandi.

Ingendo #1:

Tubwirijwe gusangira agaciro n’iyerekwa bimwe mu gukorera hamwe no kubaka ubucuti. Urusenga ni ugushirahamwe kw’abantu biciye mu bucuti bwo guzuza umugambi rusangi. Habwirijwe kuba iyerekwa n’umugambi rusangi bivukira muri bo. Impwemu n’ingeso z’umuryango bibwirijwe gukora biciye mw’iyerekwa n’umugambi rusangi. Abantu babwirijwe gusangira agaciro no kuvuga ijambo rimwe ry’ubwami. N’intambuko mu kuronka impwemu yo kuba umwana ayoboka mu rugo, kubera abavukanyi bakora ibikorwa vyose vy’ubugingo.

Abantu benshi barashaka ko dukorana no kubabera abarezi. Sigupfa kwemerera guheka no kwemanga no kwiyezeza umuntu wariwe wese tubonye. Kwiyezeza umuntu bituruka ku bucuti bw’ijuru no kumatana bihagarikiwe n’Imana, kubera Ni yo idushira mu muryango. Ntaco bitwaye umuryango umuntu ahitamwo, ariko c’akamaro n’umuryango twashizwemwo ngo tubemwo. Si twebwe duhitamwo umuryango ariko n’Imana iduhitiramwo. Impanuka nuko benshi umuryango bawuhitirwamwo n’abagenzi.

Ntibikunda ko tunganira umugambi nabo tudasangiye uruzogi n’amaraso (ADN mu gifaransa, DNA mu congereza) canke ubugingo mu gufasha guteza imbere urugendo canke urusenga. Mwene abo bantu bahinduka ibihonwa bihimba ibiboneka badashobora gutanga intererano y’insobanuro no kwitanga. Hariho n’abarongozi bakorera hamwe kandi bubaka ubucuti bwabo kubera ubunini bw’urusengero n’igitigiri vy’abanwanyi bafise. Bimeze nka “Club” y’idini canke nk’abanwanyi ba “sauna”. Ubucuti bw’amasezerano si club y’idini canke ubunwanyi ariko n’ubucuti bushingwa n’Imana. Ntishobora kuba urusenga no kubaka ubucuti bushingiye kuma club na sauna.

Kwubaka urusenga rw’Imana

Urusenga rushira hejuru gutezanya imbere mu muryango kandi tubwirijwe kuba maso uko turobanura ubugombe bw’Imana mubo dukorana. Mu bwami bw’Imana hari imiryango myinshi, turakeneye kumenya neza uwo Imana yadushizemwo. Gushobora kwacu kwimukira mwinagurwa ry’Imana bizerekanwa n’uburemerezi bw’ubucuti bwacu dufitaniye n’umuryango w’intumwa. Umuryango w’intumwa n’ubwoko bwabo bizana gutekana n’inkoro yo gukura mu vyo Imana iriko ivuga kandi ikora. Ukuri tugezemwo kw’intumwa gushobora gutumbereza urusenga rwacu.

“kand’aba nibo baduze bava i Telimela n’i Teliharisha n’i Kerubu n’i Imeri, ariko vyarabananira kwerekana amazu ya basekuru bandurutseko cank’abo bakomotseko yukw’ar’Abisirayeli vy’ukuri. Abo mu ba Delaya no mu ba Tobiya no mu ba Nekoda n’amajana atandatu na babiri. Abo mu baherezi n’aba: abo mu ba Habaya, no mu ba Hakosi, no mu ba Baruzilayi, umwe yabiriye umugeni mu bakobwa ba Baruzilayi w’umunyagileyadi, agaca yitiranwa na sebwewe, abo barondeye amazina yabo mu gitabo kidondora ba sekuruza, ntibayabona, ni co catumye biyumviriwe nk’abahumanye, bagakurwa mu buherezi.” (Ezira 2: 59 - 62)

“Maz’abansi b’Abayuda n’ab’Abamenyamini bumvise yukw’abavuye mu kinyago bubakira Uhoraho Imana y’Abisirayeli urusengero, baca begera Zerubabeli n’abakuru bamazu ya ba sekuruza, barabwira, bat’Enda dufatanye namwe kwubaka, kuko dusenga Imana yanyu nk’uko namwe mu yisenga, kandi twamye tuyishikanira ibimazi uherye kungoma ya Esarihadoni, umwami w’i Ashuri yatuduganye akatuzana ino. Ariko Zerubabeli na Yosua n’abandi bakuru b’amazu ya basekuruza b’Abisirayeli barabishura, bati Ntaho duhuriye namwe, vyotuma dufatanye kubaka ingoro y’Imana yacu, ariko ni twebwewe twenyene tuzokubakira Uhoraho Imana y’Abisirayeli iyo ngora, nk’uko Kuro umwami w’i Buperesi yabitugeze. Maz’abantu bo mur’ico gihugu badendebura amaboko y’Abayuda, bama bababurabuza mu kwubaka. Baha impera abo kwigenere inama zo kubabuza gushitsa ivyo bagabiye; bikomeza biryo igihe cose Kuro umwami w’i Buperesi yamaze kungoma, barinda bashitsa ku ngoma ya Dariyo umwami w’i Buperesi nyene. Mbere ku ngoma ya Ahasuwerusi, ari ho agishika ku ngoma nyene, bandika ivyo kurega i Buyuda n’ab’i Yerusalemu.” (Ezira 4: 1- 6)

Imisi iratwegereje aho dusabwa kwerekana umuryango turimwo imbere yuko duharurwa mu vyo Imana iriko ikora no mu bwami bwayo. Nimba tudashobora kwereka ubucuti dufitaniye na basekuru b’inzu n’umuryango turimwo, aho tuzokwirukanwa mu buherezi no mu bwami.

Ingendo #2:

Iri n’isezerano ry’ingendo. Habwirizwa kuba kwemeranya amasezerano. Imana n’Imana y’amasezerano. Ubucuti Imana ikorana n’abantu bose buhagaze ku masezerano. Atasezerano Imana ntaco ikora. Imana yinjira mw’isezerano bigatuma haza umugambi wayo mw’isi.

Ntibishoboka ko turonka ubungingo bw’Imana ata bucuti dufitaniye nayo. Ubungingo budashira bw’Imana buva mu bucuti dufitaniye n’Umwami Yesu Kristo. Uko ni kunwana, ni ko twubakwa mu mubiri wa Kristo.

“Aramubarira, ati Mwami Uhoraho, iconyemeza ko nzocegukira n’iki? Aramwishura, at’abira inka y’ishashi imaze imyaka itatu, n’impene ivyara imaze imyaka itatu, n’impfizi y’intama imaze imyaka itatu nyene, n’intunguru imwe icana c’inuma. Yabira ivyo vyose, abihimbura kubiri-kubiri, igihimba cose agitumberanya na kigenzi caco: arikw’inyoni zo ntiyazihimbaga. Ibisiga vy’amerwe ngo bigwe kur’iyo mivyimba, Aburahamu akabigurura. Kukiremga uba, Aburamu itiro riramuhwika, asinzira ubutikoma; maz’ubwoba butewe n’umwiza w’umuzitanyu buramufata. Uhoraho abarira Aburahamu, at’Umenye neza y’uruvyaro rwawe ruzoba inyambukira mu gihugu atar’ic’icabo, kandi bazokorera bene co, na bo bazobagirira nabi imyaka amajana ane; maz’iryo hanga bazokworera nzoricirakwiteka: arikw’amaherezo bazorivamwo, bakuyey’ubutunzi bwinshi. Ariko weho uzohamvya basokuruzi amahoro, uzohambwa wisaziye neza. Kand’abuzukuruzi b’abazojayo niba bazogaruka ino: kuko kugabitanyu kw’Abamori kutaruzura. Maz’izuba rirenze, bumaze gukorana haboneka ikibengebenge c’umuriro gipfunduka umwotsi w’urumuri rwaka, bica bica hagati y’ivyo bihimbura. Kur’uwo musi nyene Uhoraho asezeranira Aburahamu isezerano, at’Uhereye ku ruzi rwo muri Egiputa, ugashitsa kuruzi runini ari rwo Efurate, uruvyaro rwawe ndaruhaye iki gihugu.”
(Itanguriro 15: 7-18)

Mu Kigiriki ijamba isezerano ni “**diatheke**” ni kontara canke kwemeranya hagati y’impande zibiri (umuntu n’umuntu). Muri Isirayeli, mu gihe abantu babiri canke benshi bagiye hamwe, bagize kontara, bemeraniye bashiraho isezerano ryo guca hagati y’ibihimbura vy’ibibagwa. Bakavuga bati, Nihagira uwurenga amasezerano, Umwami azomugire nk’ibi bikoko vyahimbwemwo ibihimbura. Isezerano rizana amaraso.

Isezerano Imana yagiriraniye n’Aburahamu si “**diatheke**” kuko Imana irazi ko umuntu imisi yose arenga amasezerano. Imana yinjije mwisezerano na yo nyene. Mu Giheburayo n’ijamba “**beriyth**” ni Imana na yo nyene. Imana ntishobora kurenga amasezerano. Imana yarenganye yonyene mu bihimbura vy’ibibagwa vyahimbwemwo n’Aburahamu. Imana yaje mw’isezerano guhezagira Aburahamu n’uruvyaro rwiwe. Mu gushira igikumu ku mugisha w’amasezerano, Imana yahinduye Aburamu aba Aburahamu, Sarayi imuhindura Sara. Mu gihe tugendeye mw’isezerano ry’ukuri hariho imisi yose ihinduka rifata ikibanza mu kibanza c’impwemu mu kwuzuzi imigisha y’Imana mu bucuti no mu kwagura imigambi yayo.

Ingendo #3:

Habwirijwe kuba ukwizerana, ukwizigiranira, ugushimwa, gutungana, kutagira umugayo no kwitwararika. Gukorera mu muco birakenewe mu gukorana n’abandi. Habuze kwizerana, kwizigiranira, gushimwa, gutungana, kutagira umugayo no kwitwararika ubucuti bwari bwo bwose ntiburama. Kwiyitirira na amayeri y’ubwenge mu busuma bisambura kwizerana.

Harabaye ubusuma bwinshi no guhemukirana mu mashengero, kugirana ibikoropesho no kwimonogozo mu binani vyinshi no mu madini menshi. Ivyo vyahindutse igitutsi kw’ishengero kandi bitanga ivyamwa vy’ivyiyumviro vyo gusegerereza. Ukuri kwanyegejwe n’ubwoba no kutagira umutekano w’ubukene n’ubutunzi. Ukudashaka gukora ntibishobora guserangura ikintu na kimwe.

Ukwizerana: N’ubugombe ngenderwako buharurwa mu nkomezi n’ubushobozi butagira urwikeko. Kwizerana ni igikorwa kinezereye kandi gifise ingwati ku mpanuka n’ingingo ifunditswe canke ikintu kiri mu maboko y’uwundi mu gutera imbere.

“Ariko nijigijwe n’umwami Yesu yuko nzobatumako Timoteyo vuba, kugira ngo nanje nze nshire umutima hamwe, ni namenya ivyanyu. Simfise uwundi ari n’umutima nk’uw’uwo, yababara ivyanyu vy’ukuri. Kuko bese barondera ivyabo, batarondera ivya Yesu Kristo. Ariko murazi ingen’uwo yageragejwe akarama, kandi yuko, nk’umwana ameranira na se ari ko ya koranye nanje igikorwa co gukwiza ubutumwa bwiza.”(Ab’I Filipi 2:19 – 22)

Paulo yizigiye Imana bituma ukwizigira kwiwe arungika Timoteyo i Filipi. Kwizigira nikamere k’Imana. Nkabarongozi dukwiye kwakira impano y’ijuru yo gushobora gutwara muri twebwe kamere yo kwizigiranira mu bucuti bwacu nabo Imana idushira hamwe.

Ukwizigiranira: Ni kwinjira mu murimo mu buryo butomoye kandi bw’ukuri mu gukora. Kuba umwizigirwa ni kuba uwubereye kwizerwa. Umwe muri twebwe ashobora kujezwa amabanga mu bwami ariko dukwiriye kuba maso no kuba ababereye mu guhagararira no kubandanira ubuherezi.

“Imvugo zanyu zamane ubuntu bw’Imana, zirunzwe umunyu, kugira mu menye ingene mukwiye kwishura umuntu wese. Tukiko mwene Data dukunda, umukozi w’umwizigirwa umugenzi dukorana mu Mwami wacu, azobiganira ivyanje vyose. Ni we mbatumye ko kubw’iryo nyene, ngo mu menye ivyacu, kandi ngo aremeshe imitima yanyu. Ndamutumanye na Onezimo mwene Data w’umwizigirwa, uwo dukunda, yavuye I wanyu; bazobiganira ivy’ino vyose” (Kolosayi 4: 6-9)

“Umuntu natwiyumvira yuko tur’abasuku ba Kristo, ababwiriza b’amabanga y’Imana. Kand’ababwiriza babagomba ko baboneka ar’abizigirwa” (1 Korinto 4:1 - 2)

Kuba umwizigirwa bisobanura gutwara no gusubiramwo neza amajambo twumvanye intumwa tutitwararitse ivyo abandi bavuga, bakora canke badakora.

Ugushimwa: Muri aka gaciro ko kwizerana, ukuri kuzuzwa no kumenya gushira ahabona mukwanka inyankamugayo mu nzira zacu. Ugushimwa birakenewe kugira amajambo yacu ajane n’ingiro. Ugushimwa kudushira mu murimo mu nkomezi z’abavukana. Igikorwa ca Data gikorwa n’abantu bashimwa buzuye Mpwemu Yera n’ubwenge.

“Nuko, bene Data, ni murabe muri twebwe abantu ndwi bashimwa, buzuye Mpwemu Yera n’ubwenge, tubashire kur’iki gikorwa.”(Ivyakozwe n’intumwa 6:3)

“...mubabare gukora ivyiza imbere y’abantu bese” (Abaroma 12:17)

“Kubw’ico twirinda ar’iki, ar’ic’umuntu yotugaya kubw’izi ngabire nyinshi tugabura. Tubabaye gukora ivyiza, si munyonga z’Umwami wacu gusa, ariko no mu maso y’abantu” (2 Korinto 8:20-21)

“Ibisigaye bene Data, ivy’ukuri vyose, ivyo kwubahwa vyose, ibigororotse vyose ibitanduye vyose, ivy’igikundiro vyose, ibishimwa vyose, ni haba hari ingeso nziza, ni haba hari ugushimwa, abe ari vyo mwiyumvira” (Filipi 4:8)

Ugutungana: Muri aka gaciro ko kwitwaranika vy’ukuri mu gukora bidacika mu rugendo, Ugutungana bizana urutonde n’imfashanyo. Ugutungana ntikuzana ibihushane n’intambara z’inyungu ariko kuzana ivyakamaro no kurinda abononyi atari inyankamugayo mu bucuti bw’umuryango.

“Ni co gituma kandi mbabazwa ntya, yamara ntibintera isoni kuko nzi uwo nizeye, kandi nzi ntakekeranya yukw’ashobora kuzigama ikibitsanyo namubikije kushitsa kuri wa musu”. (2 timoteyo 1:12)

Kwitwararika: N’urugezo rwa nkenerwa rwo gushobora kujezwa. Kwitwararika bisaba kwitanga mu gushirwa musu y’ububasha. Ni Urugezo rwo guhagarikira ububasha bw’ukwizigirwa. Ubushobozi bw’ikintu cose bwerekanwa no kwitwararika. Kwitwararika n’ubushobozi bwo guheraheza umugambi. Imana ikeneye abahungu n’abakobwa bitwararika mu bwami bazohagararira ivyayo.

“Simfise uwundi ari n’umutima nk’uw’uwo, yababara ivyanyu vy’ukuri. Kuko bose barondera ivyabo, batarondera ivya Yesu Kristo.”(Ab’I Filipi 2:19 – 22)

Inyankamugayo: Ni ingingo zifatanye mu mibereho y’agaciro ko gukora. Kuba inyankamugayo n’agaciro k’ubuzima, urugezo rwo kuba umugororotsi, uwutunganye kandi atari bihindagu. Bisaba gutumbereza neza inkomezi mu gihe c’umwuzuzo.

Nkuko tugendana n’Imana no gukomeza ubucuti nk’urusenga, ukutagira umugayo mu buzima no mu gikorwa bibwirijwe kwerekanwa rwose. Hategerezwa kuba imatanwa ry’agaciro ry’akamere k’Imana muri twebwe. Ishengero ryarataye ivyizigiro bitewe no kubura abarongozi bashimwa, bakorera mu muco, batinya Imana, bafise umugambi, bamenyereye gukora, bafise intumbero, bayoborera ku ntogo, bari hejuru ya vyose, bashizwe mw’ijambo ry’ukuri. Ntamwanya uriho w’abarongozi badashimwa bishiriyeho intumbero. Kuba inyankamugayo birakenewe kandi bisaba ikiguzi. Imana ikeneye abarongozi bintumbero bashoboye kwagura umugambi w’ubwami.

Ingendo #4:

Habwirizwa kuba ukubahana mu gikorwa n’ihishurirwa. Ubucuti bwose busaba kubahana. Ikirere co kubahana ni nkenerwa mu rutonde no gutera imbere k’umubiri wa Kristo. Kubahana bivyara umwete mu gikorwa n’umwitwarariko mu gucungera neza ko umugambi warangutse. Ubwami butagira kubahana buranduka ningoga.

Ingendo #5:

Tubwirijwe gukoreranira. Ubucuti busaba gukora no gufashanya. Ntugateze imbere ubucuti ahatagira igikorwa canke umugambi. Ni ngirakamaro kubumbatira insobanura nziza, kumvikana, no kuganira bitomoye. Ikiganiro ntikizana ivyamwa vyiza mu gihe dufise ivyo

dushaka ku bandi. Ubucuti bukwiye kurengera imbibe z’umunoho w’ubutunzi bw’isi bugatangura kubakira ku mugambi. Ukuganira kwacu gukwiye kuja ahabona imisi yose. Kubura ikiganiro bitera kwihekana no kutumvikana bivyara amacakubiri.

Urusenga rw’inyubako itangwa n’Imana mu kubaka ubucuti bwacu. Iyo nyubako ibwirijwe kubakwa neza no gucungerwa abansi ntibayisambure. Ubutumwa bushobora kukwizwa hose biciye muri izo nzira. Nk’uko twinjira mu bucuti, urusenga canke umuryango w’impwemu Imana yadushizemwo, gukorera hamwe bitubashisha gukora ibidasanzwe. Dutegerezwa ku menya ko ubugombe bw’Imana bushingiye ku gukora. Uko dukorana n’abandi bidushoboza gukora vyinshi. Ntidushobora kuva mu bucuti Imana yadushizemwo kubera tutaronse ivyo tudashaka ariko kiretse atasezerano rihari. Ntiduhe icumba umwansi yonone ivyo Imana yashize ku rutonde. Tubandanire gukorera mu bucuti bw’amasezerano.

Ingendo #6:

Mu bucuti bwose no mu miryango yose Imana yararobanuye igicapo co kuganza kandi kitegerezwa ku menyekana neza ku kubahwa. Ivyo bidufasha kunesha utuzinga twiviyumviro vyo gukora ibintu satuntutwanje. Akarorero k’Imana nuko twoba urugingo rw’umuryango w’urusenga n’ubucuti bw’impwemu, aho haca habaho igicapo c’impwemu c’ukuganza, mu gukora no kwemerana. Ukwigenga kuvyara ikiroberi bigakwega kwirukanwa mu muryango no mu buherezi. Gusambura ubucuti bwo kuganza bizana ukwigenga mu gufata ingingo zitagira inama n’imfashanyo vy’ijuru.

“Kandi mur’iyo misi Abisirayeli nta mwami baribwagire: umuntu wese yakora ico yigombeye.” (Abacamanza 21:25).

“Mur’ico gihe Abisirayeli nta mwami baribwagire. Kand’ico gihe umuryango w’Abadani warik’urironderera ishamvu yo kubamwo, kuko kugeza ico gihe ata shamvu baribwaronke mu miryango yindi y’Abisirayeli.” (Abacamanza 18:1).

Integuro y’uburongozi igomba ku menyekana neza kuko uburongozi n’umushinge aho urufatiro rw’ubucuti butunganirijwe. Ikuzwa ry’ubucuti mw’isezerano risha bushingiye ku nama y’intumwa itarongowe n’akahise k’abantu bimyaka myinshi. Ikuzwa rya none ry’ubucuti rigomba kugira urufatiro rw’intumwa n’ivyiyumviro vy’igicapo c’intumwa mu kuganza.

Kubura igicapo co gutahura ukuganza mu kwitanga musu y’uburongozi vyazanye amacakubiri no kuryana mu mubiri wa Kristo. Kubaho ataco twibanga, kubura asiranse vyazanye gushirwa mu mpanuka y’umwandu mu mpwemu kubera bataye ubwizigirwa n’ivyizigiro hagati mu burongozi.

Dutakaza iragi ryacu ry’impwemu mu Mana n’ubwami bwayo mu gihe dutanguye guhitamwo kugendera mu nzira zacu mu gukora ibintu, tutiyumviriye uburongozi n’inyubako y’impwemu. Ntidushobora kuja hejuru mu guhitamwo abantu dushatse ngo tubashire ku mutwe w’uburongozi duheze dutangure kubumvira.

“Uwo mugabo Mika yar’afise akanyabugoro k’ibigirwamana; arondeza umwambaro witwa efodi na terafimu, yirobanurira umwe mu bahungu biwe ngw’amubere umuherezi. Mur’iyo misi Abisirayeli nta mwami baribwagire: umuntu wese yakora ico yigombeye. ” (Abacamanza 17:5-6).

Mu kwagura ubwami bisaba imigambi biciye mwitangwa ry’umwuzuzo w’amabango atanu. Umugambi umwe mu migambi yo kunagura no kwamamaza ubutumwa bw’ubwami nuko habwirijwe kuba ubucuti bw’amabango n’abanyamabango.

Intumwa n’amashengero y’intumwa bifitaniye imigenderanire. Intumwa zubaka ubucuti no kurondera kunagura imigambi kugira ibone igikorwa kiriko kirakorwa. Dukwiye gufata ukumenya kwacu dufitaniye n’abantu mu gisagara no mu mubiri wa Kristo hanyuma tugatangura gukwirikira ubucuti bw’Imana budushoboza kwagura umugambi w’ubwami bw’Imana.

Ntitwahamagariwe kubaka ico tuzoba n’umbwami bwacu, ariko kugira twubake ubwami bw’Imana mw’isi.

IGIKORWA C’IMIKUZA MISHA

Imana iriko irarekura kw’isi umugambi nk’umutobe musha werekanwa n’igihe gisha. Harakenewe abahungu n’abakobwa biteguye gukorana n’Imana no guheraheza imigambi yayo nk’imikuza misha. Imikuza misha ni yo yonyene ishobora kuzura no kubika neza umutobe musha.

“kand’abacira umugani, ati ntawotabura ikiremo ku mpuzu nsha, ngw’acomeke ku mpuzu y’umushire: uwogira artyo yoba atabuye nsha, kand’ikiremo atabuye kuri nsha nticomatana n’iy’umushire. Kandi ntawotara umutobe wa vino mu mikuza y’insato ibombotse; kuko vino yoturitsa iyo mikuza, igashirira hasi imikuza igapfa. Arikw’igikikwiye n’ugutara umutobe wa vino mu mikuza misha. Kandi nta muntu yanyonye vino ihiye yogomba umutobe: kukw’avuga, at’Ihiye ni yo nziza.” (Luka 5: 36 - 39).

Umutobe wa vino musha ntushobora gusukwa mu mikuza ishaje ataruko ushirira hasi n’imikuza igaturika. Kunagura no gusubira kubak’ishengero birakenewe gushiraho imikuza misha ishobora kwakira vino nsha nk’ijambo risha rivuye ku Mana.

Hariho ingezo zibiri zo kurabiramwo abarongozi, hariho bamwe bitiranwa n’imikuza misha n’abandi bitiranwa n’imikuza ishaje. Turabona kandi n’ingezo zibiri turabiramwo ijambo, hari ijambo ryerekanwa nk’umutobe wa vino musha ryerekana ukuri tugezemwo n’irindi ryerekanwa nka vino ihiye ryerekana ukuri kwa kera.

Ijambo risha ryerekana ukuri tugezemwo kuriko kurasukwa mw’isi, tubwirijwe gutangura intambuko zukwimuka mu bintu bisha ijuru ririko riratanga nk’umutobe ugaragaza ubugombe bw’Imana. Ikurwaho ry’ibikorwa vya kera ryemerera ishishiraho ry’urutonde rusha nkuko Yosua ya subiriye Mose. Nkuko Yosua ya subiriye Mose ni ko n’igihe ca kera gisubirirwa na gishasha. Igikorwa ca Mose catanze kubohoka n’umuvyuro w’ubwiza bw’Imana, ariko

Kwubaka urusenga rw’Imana

nticashikanye abantu b’Imana mu gihugu c’amasezerano. Imana yahagurukije uwundi mu rongozi, Yosuwa, azoshikana abantu mu gihugu c’amasezerano. Ni iki gihe c’urutonde rusha mu Mana. Ubuherezi n’amabwirizwa biriko birahinduka.

“Ivyo birushirizaho guseruka rwose, ko habonetse uwundi mu herezi, ahwanyeye na Melekisedeki” (Abaheburayo 7: 15).

Ubuherezi bushasha buzoba arubwizigirwa mu vyiyumviro no mu mutima mu guheraheza umugambi w’Imana. Ubuherezi bushasha buzobana n’urutonde rw’intumwa. Abarongozi bamwe bamwe babaye ku gihe ca karizimatike na pantekote ntibashobora kwitwa intumwa nk’umushinge w’igikorwa muri kino gihe c’intumwa nkuko vyanditse mu Banyefeso 2: 19 – 20. Hariho abashobora kwigana kuvuga ivy’ubwami ariko batari muri vyo, bisa no gusuka umutobe musha mu mikuza ishaje, iherezo yivyo nuko vino izoshirira hasi n’imikuza igaturika.

Abarongozi bakoze mu gihe ca kera ntibakoze amagoshya ariko bakoze ukuri mu gihe cabo. Tugomba kumenya ko igihe giheze hatangura ikindi gihe gifumbatiye umugambi waco. Ivyakera vyose bihinduka ibishaje. Turashimana icubahiro igikorwa cakoze n’abarongozi b’igihe giheze. Vy’ukuri babaye abirutsi babahizi batwitangiye, iyo hataba bo ntitwari gushikira ukundi kuri. Ariko tubwirijwe kumenya ko igihe cabo carangiye, ibikorwa n’ubutumwa bwabo ntibigishobora kuzana ubwiza bw’Imana mw’ishengero. Hakenewe ihinduka mu kuri n’urutonde rusha. Pantekote siherezo ry’umugambi w’Imana, ariko ni intango y’umusi mukuru w’ihema werekana igihe c’intumwa.

Imigambi n’intonde vyaranze imisi mikuru ibiri ya mbere sivyo bazoranga umusi mukuru wa nyuma. Kuko iyo misi mikuru atari igipimo n’icabona c’ivyo Imana iriko ikora ubu. Tubwirijwe kwinjira mu cemezo yuko ibihe bishaje bitandukanye n’iki gihe gishasha. Ihishurirwa rya kera ntirishobora kuvyara ijamba ry’Imana ritomoye, ritumbereye ry’ubugingo muri kino gihe.

Naho habaye kwigaragaza k’ubwiza bw’Imana mu bihe vyakera ntibishoboka guhinduka ivyibutso vyo kwonsereza imibavu bihinduka ikizibizo co kwimukana n’igicu c’Imana. Ijwi rishaje rizobandanya kwamamaza ibishaje nka Yohani umubatizi yavuze ukuza kwa Yesu atako akomeza kuvuga ukuza kwa Yesu yaraje. Amahishurirwa yakera azobandanya kuzibira ijwi ry’Imana rishira ahabona ivyahishuriwe n’umugambi w’Imana w’uno musi. Ijwi ry’igihe gishaje rizokwamamaza ubwenge bw’umubiri mu kugoreka ijamba rikoresheje imigenzo n’ikinyedini vy’abantu. Tubwirijwe guha inzira ivyo Imana iriko ikorera muri kino gihe. Tugomba igikorwa c’ivyahishuriwe mu kumenya umugambi w’Imana wa none. Ntitwemerere ibishaje kunigira mu menshi ukuri tugezemwo. Tubwirijwe kurondera iserangurika ry’igikorwa n’ihishurirwa ry’umugambi w’Imana.

“Uhoraho iy’atari we yubaka inzu Abayubaka baba baruhira ubusa. Uhoraho iy’atari we azigama igisagara Umuteramyi abera maso ubusa.” (Zaburi 127 :1)

Inkomezi z’umuntu ntizishobora kuvyara umugambi w’Imana. Guhinduka abigishwa n’impano biraronkeka kuri bose biciye mwigarukanwa ry’igikorwa c’intumwa muri kino gihe

nk'ibibanza vyacu twateragiwemwo mu Mana. Ubucuti n'irobanurwa ry'amabanga bizosukwa kuri umwe umwe guhinduka urugingo rw'ingendo ya none mu Mana. Impano biciye mu bucuti zizovyara imikuza mishasha mu gikorwa.

Igikorwa gishaje ntigishobora guhinduka igikorwa c'ubu. Naho twobironderana umubabaro mu gikorwa, Imana ntishobora kubidusigiramwo amavuta. Ico dukwiye gukora ni kumenya akaranga k'igikorwa cacu no kugishinga mu Mana no guha icumba ivyo Imana iriko ikora. Nkahanwe ivyo tubikoze, ubucuti bwacu n'amabango yarobanuwe muri kino gihe bizozana impano mu buzima bwacu no kwakira igikorwa no guhinduka urugingo muri rino garukanwa ry'intumwa. Hazoba impano zizananye mu bucuti. Uku niko dushobora guhinduka imikuza misha. Bose bazohabwa akaryo ko gukorwako muri runo rugendo rwa none.

Abarongozi b'intumwa ntibashobora kunebagurwa no gucirwa urubanza n'abagendanira intambuko za kera zivuga ivya Sauli. Dukoreshe ubwenge mu kwemeza no gutumira abandi mu mugambi w'Imana uvuga ivy'ingoma ya Dawidi. Dukwiye kurondera ibikoresho n'akaryo ko kubinjiza mu ntambuko y'umutobe musha usaba imikuza misha mu Mana. Ugushishikarira idini n'amakoraniro y'ishengero vyacu ntibisobanura ko duhetse umugambi w'Imana, ariko igihe dukoranye tuterwa intege n'Imana biciye mu migambi y'ijuru iriko isabonurwa n'intumwa ubu.

Abaherezi n'abavugishwa n'Imana

Imana yaravuze ko ishengero rikwiye kuba Abaherezi n'abavugishwa nayo. Nk'abavugishwa, duhagaze mu mwanya w'akanwa k'Imana gahishurira bantu. Nk'abaherezi duhagaze mu mwanya w'akanwa k'abantu gatakambira Imana. Urwo ruhererekane n'ingerakamaro mu gikorwa c'abaherezi n'abavugishwa n'Imana. Naho bititwararikwa, Nk'imbohe z'ubutumwa bwiza, igikorwa cacu ubwambere kiva ku Mana tukakimenyekanisha mu bantu.

Abarongozi b'imikuza misha babwirijwe guhinduka bagasa nkuko ijambo risa. Igikorwa c'intumwa cubakiwe ku mwidegevyo mu kwamamaza ijwi ry'Imana n'intambuko Zayo. Ntidushobora kwemerera ishingwa ry'inyigisho z'akaronda zinyoha ukumvira ijwi ry'Imana.

Abarongozi b'imikuza misha s'abanyedini canke abantu bahagaze ku mashure bize ariko n'abanyabucuti.

Abarongozi b'imikuza misha bafise impwemu y'intumwa kandi barangwa n'impwemu n'ubuntu busha.

Abarongozi b'ubwami bw'Imana

Uburongozi n'ingirakamaro mu ntwaro yariyo yose canke ishirahamwe. Hatari intumwa z'ukuri z'urutonde rwa Bibiliya, uburongozi bw'ubwami buhinduka umugararizo uvyara kubura intumbero n'umugambi. Uburongozi n'ingirakamaro mu mutima w'Imana. Muguhagurutsa Ishengero ry'intumwa n'abavugishwa b'ubwami, Imana irobanura abarongozi b'intumwa.

Abarongozi b'ubwami bw'Imana batandukanye n'abandi barongozi b'amashengero. Abarongozi b'ubwami bakorera hamwe mu mutima w'urusenga mu kubaka ubwami bw'Imana mw'isi. Nti bubaka barondera inyungu zabo ariko bubaka ivyiyumviro n'intumbero vy'ubwami. Ntibashira hejuru inyungu zakamere k'ubucuti bwabo, ariko bashira hejuru inyungu z'ubwami bw'Imana. Tubwiriza ku menya ko uburongozi buriko burahinduka Imana iriko itoranya abarongozi bafise kamere k'ubwami bashoboye kwanka kwikukira kwabo, bakanka n'agaciro k'isi kandi bakazinuka ivya kamere k'imibiri yabo.

Ikitugira abarongozi b'ubwami s'amazina duhegekeye. Turi abarongozi b'ubwami kubera twisunga ubuzima bw'Umwami mu bwami bwiwe kubw'ubuntu.

Abarongozi b'ubwami bahanze maso umugambi ukomeye wo kuzana amahanga mu bwami. Ntiduhuzwa n'imfuruka zine mu gukora kwacu no kunyarutsa ubuhinga bw'ibicurarangisho, ariko turihangana mu kugushikira urunganwe. Abarongozi b'ubwami baritwararika cane intambuko gusumba ibitigiri vy'abantu canke uburebure bw'ibibanza bakoreramwo. Agaciro k'inkoro ya Baburoni ni guhagurutsa ibihambaye kugira bamenyekane, ariko barataye Imana. Inkoro ya baburoni ni kwigisha imigenzo isubirira Imana, iyo migenzo yahindutse ibigirwamana. Iyo nkoro y'ikinyedeni ituma amabwirizwa y'isi yuzura agasubirira intumbero n'umugambi w'ukuri w'Imana. Iyo nkoro n'igicapo ca Nemurode.

Abarongozi b'ubwami n'abantu bafise iyerekwa. Babona kure nk'inkukuma, barabona bakagendana umuco. Ntibishoboka kuyobora abantu neza utabasiguriye neza iyerekwa. Iyerekwa s'umugambi w'iyerekwa ariko n'iyerekwa ry'impwemu mw'ijambo no mu vyiyumviro vy'Imana. Iyerekwa n'umugambi ukikuje amajuru, ariko uhishurwa na Mpwemu Yera. Mpwemu Yera ni we muntu atanguza impano yiyerekwa.

“Iyo hatar’uguhishurirwa, abantu bigira uko bagomba, Arik’uwitondera ivyagezwe aba ahiriwe” (Imigani 29:18)

Iyerekwa ritomoye hagati mu barongozi ritumbera umubiri no gutanga gutahura igikorwa na pura y'Imana.

Uburongozi burakeneye umuco no kwitwararika iyekerekwa, ivyo bitumwa abarongowe bakorera intumbero n'umugambi w'igikorwa. Abarongozi b'ubwami bafise intumbero y'intumwa bitanga umuco mw'ishengero no gushimangira ivyiyumviro vy'ubwami. Habwirizwa kuba umuco mu vyo turondera mu kubaka ubwami.

Abarongozi b'ubwami ntibabwirijwe kuba abagira utugenegene dutwenzana nko mu kabare. Ishengero ryarakoze cane mu kugira baryohere ibigumbagumba vy'abantu bitagira impano y'ubugingo n'umugambi w'Imana. Muvy'ukuri, igihe c'igikorwa ca Michael Jackson c'utugenegene kibwirizwa guhagarara. Intumbero ibwirizwa kuba ku Mana atari kwitwararika ivyacu. Tubwirijwe kuja hakurya y'urwamo rw'amajambo n'ubwenge bw'abantu tugakurikira intumbero ya Data. Iki gihe s'igihe c'ibigumbagumba bityohere abantu, ariko n'igihe c'impano y'ijuru. Intumbero iri ku Mana na ajenda Zayo. Abarongozi b'ubwami barumviriza ibiva ku ntebe y'ubwami. Ijambo risha ry'Umwami rihabwa abumviriza ikiva Ku Mana.

Abarongozi b'ubwami ntibihayagiza mu kwerekana inkomezi zabo ariko bubaka ubwami bw'Imana.

Muri kino gihe Imana ihagurukije abarongozi basha, abarongozi bazohinduka abavyeyi b'intumwa mu mubiri wa Kristo. Imana ihagurukije abarongozi basha bashoboye gutwara umutobe musha. Ivyo bizotuma ishengeri ryagura amahema kandi rigakwaga umugozu w'ubutumwa bw'ubwami buzovugwa umuheru uce uza.

“Umugozu ubigera ushika mw'isi yose, Bo n'amajambo yavyo ku mpera y'isi. Muri vyo yashingiye izuba ihema” (Zaburi 19:4)

KLC

Kingdom Life Community n'igikorwa gifise ikiguzi c'intumwa, KLC yagizwe imbohe yo kwamamaza ubutumwa bwiza bw'ubwami no guhishura umugambi w'Imana no kugaburira amahanga.

KLC yashinzwe nk'inyishu yiyerekwa itanzwe n'Imana muri iki gihe c'iyimbura c'ishengero rya nyuma. Muri iri sukwa rihambaye rya Mpwemu Yera, KLC irizera intambuko nsha. KLC iriko ikorana n'impwemu y'ubuhishuzi canecane mw'ijambo no mu nyigisho z'ubuvugishwa kubwa amavuta n'ubuntu bw'intumwa bugendana na yo. KLC ifise umwitwaraniko wo gukomeza no kurungika umubiri wa Kristo mu gikorwa gihambaye co gukira no kubohoka.